

KIJAN POU POTE PLENT

Si ou kwè ke yo te fè diskriminasyon kont ou akòz de andikap ou a oubyen yo te refize ba ou yon akomodasyon rezonab pou andikap ou a, ou kapab pote plent nan Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk la.

Ou dwe pote plent nan Divizyon an avan yon ane apre zak diskriminasyon ou ap akize yo fè a. Pou plis enfòmasyon oubyen pou pote plent, ou kapab kontakte biwo rejyonal ki pi pre lakay ou oubyen travay ou a, oubyen vizite sit wèb nou nan :

www.dhr.state.ny.us

KÈK EGZANP :

Ou genyen yon pwoblèm pou mache epi ou bezwen yon chèz woulant pou deplase. Sèlman ale eksprès nan yon magazen aksesib pou ou. Pwovizyon ou yo depase kantite ou bezwen genyen pou sèvis eksprès la. Kisa magazen an dwe fè pou akomode ou ?

Yon egzantp modifikasyon règ, pratik, oubyen pwosedi se pèmèt moun ki andikape yo itilize ale eksprès pou peye a san gade sou kantite pwovizyon y ap achte.

Ou itilize yon chèz woulant epi ou bezwen antre nan yon famasi pou al chèche yon medikaman. Famasi a genyen yon mach nan antre a. Èske famasi a dwe retire mach la pou bay aksè ?

Si moun k ap itilize chèz woulant la pa ka antre nan famasi akòz de mach la, famasi a dwe retire mach la li si « fasilman reyalizab » pou fè sa. Si li pa « fasilman reyalizab » pou famasi a retire mach la, famasi a toujou genyen yon obligasyon pou bay machandiz ak sèvis nan yon lòt fason, tankou ofri sèvis livrezon lakay ak sèvis sou volan.

Ou pa wè byen epi ou vle ale nan yon seminè ki ouvri pou piblik la. Ou bezwen materyèl nan seminè a ekri ak gwo karaktè pou ou ka li yo. Ki obligasyon esponsò seminè yo genyen ?

Si seminè a ouvri pou piblik la, li dwe bay materyèl ekri li yo nan yon fòm altènatif pou yo ak aksesib pou moun ki pa wè byen. Fòm altènatif kapab genyen Bray oubyen lèt an gwo karaktè.

DWA MOUN KI ANDIKAPE

Nan Espas Akomodasyon Piblik

NEW YORK STATE DIVISION OF HUMAN RIGHTS

ANDREW M. CUOMO, GOVERNOR

ONE FORDHAM PLAZA
BRONX, NEW YORK 10458
(718) 741-8400
Toll Free 1-888-392-3644
TDD (718) 741-8300

WWW.DHR.NY.GOV

Dwa Moun Ki Andikape

Nan Espas

Akomodasyon Piblik

Lwa sou Dwa Moun Eta Nouyòk entèdi pou espas akomodasyon piblik fè diskriminasyon kont moun ki genyen andikap.

Lwa sou Dwa Moun nan defini sa yon « andikap » ye :

- yon domajman fizik, mantal oubyen medikal ki se rezilta kondisyon anatomik, fizyolojik, jenetik oubyen newolojik ki anpeche kò a fonksyone nòmalman; oubyen
- teknik dyagnostik ki akseptab medikalman kapab pwouve li ; oubyen
- genyen yon dosye sou domajman sa a; oubyen
- yon kondisyon lòt moun wè tankou yon domajman.

« Espas Akomodasyon Piblik » nan Eta Nouyòk se tout sa ki annapre yo : **otèl, restoran, magazen, klinik sante, lopital, pak pou amizman ak rekreyasyon, ak sinema.**

KONPÒTMAN DISKRIMINASYON KI ENTÈDI

Yo entèdi espas akomodasyon piblik pou fè diskriminasyon kont moun ki genyen andikap epi yo dwe fè machandiz ak sèvis yo aksesib. Espas akomodasyon piblik yo pa ka refize moun machandiz ak sèvis paske yo andikape.

Yo entèdi espas akomodasyon pibliye yo pou pibliye oubyen sikile okenn materyèl ekri ki ta di ke yo refize akomodasyon, avantaj ak privilèj pou moun ki andikape.

MODIFIKASYON RÈG AK PWOSEDI REZONAB

Espas akomodasyon piblik yo oblije fè modifikasyon rezonab nan règ, pratik, oubyen pwosedi, lè modifikasyon sa yo nesèsè pou yon moun ki genyen yon andikap kapab jwenn aksè a akomodasyon piblik la.

Espas ki genyen akomodasyon piblik yo pa oblije fè modifikasyon nan règ, pratik, oubyen pwosedi si jan de modifikasyon sa yo t ap chanje nati biznis la, oubyen etablisman an nèt.

OBLIGASYON POU BAY ASISTANS OKSILYÈ

Espas akomodasyon piblik yo dwe fè demach pou asire ke yo pa elimine oubyen refize pèsòn moun ki genyen yon andikap paske pa genyen asistans oubyen sèvis oksilyè.

« Asistans oksilyè » kapab genyen ladan yo yon entèprèt lang siy kalifye pou moun ki genyen pwoblèm pou tande, oubyen materyèl ki ekri an Bray oubyen ak gwo karaktè pou moun ki genyen pwoblèm pou wè.

Espas akomodasyon yo pa oblije bay asistans oksilyè si sa t ap chanje nati biznis la oubyen etablisman an nèt, oubyen t ap lakòz yon « chay egzajere ».

Se pwopriyete oubyen operatè akomodasyon piblik la ki responsab pou pwouve ke modifikasyon yo mande a t ap chanje nati biznis la an nèt, oubyen t ap vin tounen yon « chay egzajere ».

CHAY EGZAJERE

Yon « chay egzajere » vle di anpil difikilte oubyen depans. Pou detèmine si yon aksyon t ap vin lakòz yon « chay egzajere », yo ap balanse nati ak pri modifikasyon yo mande a kont resous espas akomodasyon piblik la genyen.

RETIRE BARYÈ ACHITEKTI

Espas akomodasyon piblik yo dwe retire baryè achitekti, ak baryè kominikasyon ki genyen nati striktirèl, nan etablisman ki egziste yo kote li « fasilman reyalizab » pou retire yo. Lwa a defini sa « fasilman reyalizab » vle di, tankou yon bagay ki fasil pou akonpli epi kapab fèt san anpil difikilte oubyen depans. Egzanp retire baryè achitekti genyen ladan yo :

- retire yon mach oubyen plizyè mach nan yon antre prensipal epi enstale yon ranp, oubyen
- agrandi pòt antre yo oubyen ale pou peye yo, oubyen
- bese kontwa pou sèvis yo pou moun ki itilize chèz woulant yo kapab gen aksè a yo.

Si li pa fasilman reyalizab, yon espas akomodasyon dwe fè machandiz ak sèvis li yo disponib pou moun ki genyen andikap yo selon yon lòt metòd. Sa kapab vle di ofri machandiz oubyen sèvis yo yon lòt kote yo kapab jwenn aksè, oubyen asire ke anplwaye yo fòme pou akomode demann moun ki genyen andikap yo pou asire yo gen menm aksè nan machandiz ak nan sèvis tankou tout lòt moun yo.